

Fason pou idantifye taksi k ap fonksyone yon fason ilegal

Èske ou te konnen se sèlman Taksi Jòn ak Taksi Vèt yo ki ka pran pasaje nan lari a? Si ou pran yon taksi nan lari a epi li pa yon taksi jòn oswa yon taksi vèt, yo konsidere sa yon taksi yo pran nan lari ilegalman.

Egzanp yon taksi yo pran ilegalman nan lari:

- Ou wè yon chofè ap kondui ak yon machin ki gen plak TLC. Ou rele li ak men ou (nòmalman yon machin nwa) epi ou mande pou li mennen ou nan destinasyon ou an.
- Ou nan tèminal arive nan ayewopò a epi yon chofè vin kote w pou mande w si w bezwen yon taksi
- Ou kite yon estad oswa yon gran kote epi yo mande ou si ou bezwen yon taksi

Souvan anpil pasaje pa konnen y ap patisipe nan yon aktivite ilegal. TLC rekòmande ak tout fòs pou nou pa pran taksi ilegalman nan lari oswa antre nan yon machin si nou twouve tèt nou nan yon sitiyasyon tankou egzanp yo ki anwo a.

Men kèk risk ki genyen si ou aksepte pran yon taksi ilegalman nan lari:

- Nou p ap ka jwenn okenn dosye kous ou a si ou ta gen yon pwoblèm ak kous la.
- Chofè a gendwa ap kondui ak yon lisans TLC oswa DMV ki anile.
- Chofè a mande ou peye twòp oswa mande ou yon pakèt lajan lè ou rive nan destinasyon ou an
- Chofè a gendwa pa gen bon asirans

TLC travay di pou asire tout pasaje rive nan destinasyon yo san danje nan machin nou bay lisans yo. Tanpri panse ak bagay sa yo pwochèn fwa ou monte yon taksi. Pou pote plent pou zafè taksi yo pran nan lari ilegalman oswa lòt vyolasyon machin ki gen lisans TCL Yo fè rele 311.